Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул
29 сентябрь
РУЗМАН
№ 41
(7476)
Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 4 гъурущ
12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Депутатазул данделъи

## Районалъул Собраниялъул депутатазул сессия

Сон Агъвалиб тIобитIана районалъул Собраниялъул депутатазул иргадулаб сессия.

Сессиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул Собраниялъул депутатаз, росабазул поселениябазул администрациябазул бутIруз, учреждениязулгун гIуцIабазул нухмалъулез. Сессия рагьана районалъул Собраниялъул председатель УзумхIажи Сайпудиновас. Сессиялъул хIалтIулъ гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас.

Депутатаз хIукму гьабуна Метрада росдал депутатазул Собраниялъ районалъул депутатазул Собраниялде депутатлъун вихьизавурав МухIамадов МухIамад Зубаировичасул вакиллъи рикIкIине.



Сессиялда гIенеккана районалъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевасул «Терроралде дандечIараб районалъул комиссиялъ гьарулел профилактикиял тадбиразул хIакъалъулъ» хIисабкьей. Гьеб суалалда тIасан кIалъазе вахъана районалда бугеб МВДялъул отделалъул начальник Элдар МухIамадовги.

«ЦIумада район» муниципалияб районалъул 2017 соналъул ва 2018-2019 соназул плановияб заманалъ бюджеталда хиса-басиял гьариялъул, бакIалъулал налогазул плановиял тIадкъаял тIураялъул ва муниципалияб буголъи хIасил кьоледухъ хIалтIизабиялъул ва «ЦIумада район» муниципалияб районалъул бюджеталъулаб процент тасдикъ гьабиялъул суалалгун кIалъазе вахъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель, финансовиябгун экономикияб отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIисаев.

««ЦIумада район» муниципалияб районалъул нухазул фондалъул хIакъалъулъ положениялда хиса-басиял гьариялъул хIакъалъулъ ва «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрациялъул нухазул хъулухъазул хIакъалъулъ муниципалияб программаялда тIадежураял ва хиса-басиял гьариялъул хIакъалъулъ абурал суалалгун кIалъазе вахъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ТIагьир Халидов. Гьоркьор лъурал суалазда тIасан кIалъаял гьаруна районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас, районалъул прокурор Ильяс Вакиловас, депутатал МухIамад ГIабдулаевас ва Аслудин МухIамадовас.

Депутатаз хал гьабуна цогидалги суалазул. Хал гьарурал суалазда тIасан къабул гьаруна данде кколел хIукмабиги.

**Газеталъул прессс-хъулухъ**

Райадминистрациялда

## ТIадкъаял тIураялъул ва налогал ракIариялъул суалал гIенеккана



26 сентябралда районалъул бетIерасул ишал тIуралев МухIамад ГIисаевасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана районалъул гIуцIабазул нухмалъулел ва росабазул бегавулзаби гIахьаллъараб иргадулаб совещание. ГIенир гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиев, районалъул депутатазул Собраниялъул председателасул заместитель Аслудин ГIумаров, Роспотребнадзоралъул Болъихъ бугеб отделалъул нухмалъулев МухIамад Таймасханов, учреждениябазул ва гIуцIабазул нухмалъулел. Совещаниялда гIенеккана пачалихъияб порталалда жиндирго кабинеталъул хъвай-хъвагIай гьабиялда хурхун гьабулеб хIалтIул хIакъалъулъ МФЦялъул районалда бугеб филиалалъул директор АхIмад ГIамировасул инфомациялъухъ. Гьеб хIалтIи районалда гьабулеб буго МФЦялъул хIалтIухьабаз гуребги халкъ социалияб рахъалъ цIуниялъул районалда бугеб управлениялъул, халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб центральул ва райадминистрациялъул хIалтIухьабаз. Налогал ракIариялъул ичIго моцIрол план тIубаялъул хIакъалъулъ информациягун кIалъазе вахъарав МухIамад ГIисаевас бицана бакIалъулал налогазул ичIго моцIрол план тIубаялъул хIакъалъулъ, рехсана гьеб рахъалъ лъикI хIалтIи гIуцIарал росабазул администрацияби. Планал тIураялда сверухъ гьабулеб хIалтIи лъикIаб даражаялда униб бугониги, цо-цо росабазул администрациябазул бутIрузул гьеб рахъалъ гьабулеб хIалтIи хIинцаб бугилан абуна ГIисаевас. Гьединаздаса рехсана Хъварщи ва Гьакъо росабазул администрацияби. КIалъазе вахъарав Роспотребнадзоралъул Болъихъ бугеб отделалъул нухмалъулев МухIамад Таймасхановас бицана халкъалъе бацIцIадаб гьекъолеб лъим чIезабиялъулъ росабазул администрациябазул бутIрузул хIалтIулъ ругел



гIоларел рахъазул, гьаризе кколел хIалтIабазул ва законалъул гьелда сверухъ ругел тIалабазул хIакъалъулъ. Таймасхановас бегавулзабазул рикIкIен гIемерал суалазе жавабалги кьуна.

**Газеталъул прессс-хъулухъ**

## Дица рецц-бакъ гьабула дуе, дир цIумазул ракь!

**Гьаб соналъул 12 ноябралда МахIачхъалаялда Гьудуллъиялъул рокъоб тIобитIизе буго «Дица рецц-бакъ гьабула дуе, дир цIумазул ракь!» абураб ахIиялда гъоркь нилъер районалъул презентация ва культурияб управлениялъул хIалтIухъабазул хIисабкьеялъулаб концерт.**

**Юбилей**

## Коллективалъе йокьулей



25 сентябралъ Къади Абакаровасул цIаралда бугеб Агъвали гимназиялъул директорасул цIалул рахъалъ заместитель Басират АхIмадовалъ кIодо гьабуна гIумрудул юбилей- 50 сон тIубай. Гьей кколаан жиндирго иш лъикI лъалей специалистги, ритIухъай гьудул-гьалмагъги, гьайбатай чIужугIаданги. Сундулъго гIадлу бугей ва жавабчилъи цIикIкIарай гьелъул хIалтIудаса разиго рукIунаан гимназиялъул нухмалъигун учительзаби. Гьарзаяб тепсиялда нахъа гIодорчIун гьаюраб къо баркун гьелъие хинал рагIаби абуна ХIалимат ГIабдулмажидовалъ, Контат Казбековалъ, Асадула МухIамадовас ва гь. ц.

**ХIурматияй, Басират АхIмадова!**

РакI-ракIалъ баркула дуда гьаюраб къо!

Гьарула дуе щулияб сахлъи, халатаб гIумру, талихI ва хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби. ЙикIа мун кидаго цогидазе канлъи бикьулеб нур гIадай аваданай, гьайбатай ва недегьай пишацояйлъун.

**Сонал унел ругин, мун къварилъуге,**  
**КъуркьичIо гьезие гьайбатаб сипат.**  
**Сунареб чирахълъун кенчIолаан мун,**  
**Мусудуца мисал босулеб хIалалъ**

**ХIеренай, хIалимай дуе гьарула**  
**Гьуинаб, талихIаб гIумру нижеца.**  
**Нилъер гимназия цебетIеялъе**  
**ХIалтIизе къуватги жанги гьарула.**

**Гьудулзаби чIухIун, гIагарал рохун,**  
**Рохалида айги хутIараб гIумру.**  
**ГIаданлъиялъ гвангъун, халкъалъе йокьун,**  
**Кьуна дуца дарсал кIочон толарел.**

**Зулфия Сажидова**

**ЦIадаса ХIамзат гьавуралдаса 140 сон тIубаялде**

# ШагIирасул кучIдузул конкурс

Исана дагъистанияз кIодо гьабулеб буго халкъияв шагIир ва драматург ЦIадаса ХIамзат гьавуралдаса 140 сон тIубай. Гьелда хурхун, машгьурав поэтасул гIумруялъул ва творчествоялъул бицарал батIи-батIиял тадбирал, ай рагьарал дарсал, къецал, викторинаби, цIалдохъаби.

Конкурс байбихьилалде цебе ЦIадаса ХIамзатил 140 сон тIубаялда хурхун тIоритIулел тадбиразул бицун кIалъай гьабуна районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель Зайнаб ГIабдусаламовалъ. Агъвали гимна-




зиялъул мугIалим МухIамад ХIайбулаевас кьокьго бицана шагIирасул гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ. ЦIадаса ХIамзатил кечI ахIана Агъвали гимназиялъул цIалдохъан ГIалихIажиева Разиятица ва «8 марталъ кIодоца ахIараб кечI» рикIкIана Эчеда школалъул цIалдохъан Нурудинова ПатIиматица.

конференцияби тIоритIулел руго районалъул лъайкьеялъул управлениялъги школазда мугIалимзабазги.

Талат къоялъ районалъул школазул цIалдохъабазда гьоркьоб Агъвали гимназиялда тIобитIана ЦIадаса ХIамзатил цIалул тIахьазда гьечIел асарал пасихIго рикIкIиналъул къец. Гьениб гIахьаллъана 13 школаздаса

Арал соназде дандеккун, лъикIаб хIадурлъи гьабун бугоан конкурсалде мугIалимзабазги цIалдохъабазги, амма кидаго гIадин бергьана пагьму-гьунар бугел.

Гьигьалъ школалъул 11 классалъул цIалдохъан Шамилова Муие щвана 1 бакI, 2 бакIалъе мустахIикълъана Агъвали гимназиялъул цIалдохъан ГIалихIажиева Разият ва Метрадаса ГьазимухIамадова ПатIимат, 3 бакI кьуна Эчедаса ГIабдусаламов МухIамадие, ГьигьалъгIурухъа МахIмудова Мадинае, Гьимерсоса ГIалиева ПатIиматие.

Бергьаразе ва призеразе кьуна жиде-жидер даражаялъул дипломал ва районалъул мугIалимзабазул ассоциациялъул кумекалдалъун хIадурарал гIарцулал сайгъатал.

Ахиралда Рукъигат ГIабдусаламовалъ баркала загьир гьабуна конкурсалда гIахьаллъаразе ва тадбир гIуцIадго тIобитIизе квербакъарал Агъвали гимназиялъул учительзабазе.

**Зулфия Сажидова**

**Ко дню учителя**

## Учитель-это призвание

Много профессий одинаково важных. Но одна из самых уважаемых – это профессия учителя. Труд учителя благороден и прекрасен. Великое счастье, встретить учителя, который учит доброте и справед-



ливости, учит быть человеком. Эти слова по праву можно отнести к учителю начальных классов Агвалинской гимназии Магомедовой Киланат Курбаналиевне. Окончив Агвалинскую среднюю школу в 1975г, поступила в Буйнакское педагогическое училище, после окончания которого, с 1979 года работает учителем начальных классов в родном селе. Каждый день, из года в год учитель отдает себя детям. Сейчас, спустя тридцать с лишним лет, столько за плечами опыта, а первые ученики уже стали взрослыми людьми и родителями. Не сомневаюсь, что они и сейчас с чувством глубокой благодарности вспоминают свою родную школу, свою наставницу Киланат Курбаналиевну. За время работы Киланат Магомедова получила немало заслуженных наград за добросовестный труд. Это многочисленные грамоты и благодарственные письма от руководителей и профсоюзной организации школы и района. К числу заслуг Киланат Курбаналиевны относится и призовое место в районном конкурсе «Учитель года» в 2011 году. Ее ученики и в старших классах тоже учатся хорошо и отлично. Саидов Таймасхан занял второе место в республике в конкурсе «Экологический вестник», а Мухудинов Магомед занял второе место в городе Буйнакске на Чебышевской олимпиаде по математике, он участвовал на олимпиаде в г. Пятигорске .

Все награды за добросовестный труд можно перечислять еще очень долго, но главное–благодарность учеников и родителей. Хочется от всей души поблагодарить Киланат Курбаналиевну и пожелать ей крепкого здоровья, творческих идей и много сил для осуществления всего задуманного!

**П.Муртазалиева,** методист управления образования

**27 сентябрь - ТIолгодунялалъул туризмалъул къо**

## Районалда туризм цебетIезабизелъун

ЦIумада район буго рорхатал мугIрузул районазул бищун кIудияздаса ва берциназдаса цояб. Районалъул территориялъул площадь ккола 1178 кв. км. Гьелъул гIорхъаби руго гуржиязул, чачаназул ва Дагъиста- Кила борхалъуда бугеб Россиялъул «Сулак высокогорный» метеостанциялъ. ЛъилалдагоУ рельлъинчIеб тIабигIат буго нилъер районалда.Ракьул 20 проценталда бижула батIибатIияб тайпаялъул рохь, цIи-




налъул цогидал районазулгун. Районалъул тIабигIаталъул чанги берцинал бокIназда гьорлъ цо хасаб бакI ккола рахине захIматаб ва гIазу биунареб Богоссалъул хребеталъ. Ралъдал гьумералда тIад гьелъул борхалъи бахуна 4000 метраялде.

Районалда букIинесеб гьава-бакъалда хадуб хал кколаан бищун рорхатал мугIрузулаб кIкIараб накIкIигъветI ва махигъветI. Районалда бижулеб гьветI-хергун гIумру гьабулеб рухIчIагольигун хIайван-хIинчI батIи-батIияб буго. Дагъистаналъул цогидал районаздасаги батIиял нилъехъ руго БагIараб тIохьоде росарал кьанагIатал турал, гьединго кьанагIатаб хIинчI улар ва мугIрузулаб гIалхул цIцIе.

Районалда руго гIемерал рацIцIадал ва даруял лъинал, гьитIинал ва гьоркьохъел гидроэлектростанцияби разе бегьулел лъарал. ПIолилазул политикаялъулгун спорталъул ва туризмалъул отделалъ нилъер район рикIкIунеб буго туризм, спортивияб туризм, этнотуризм, экстремалияб, ва лъел туризм цебетIезе киналго шартIал ругеблъун.

Туризмаялъул министерствоялъ нилъер районалда гIуцIизе хIисабалде босун буго чанго батIияб туристазулаб маршрут. Районалъул тIалъиялъги рикIкIунеб буго гьеб район цебетIеялъулъ чара гьечIого хIажатаблъун ва кIвар кьолеб буго туристазулаб кластер гIуцIиялъе ва цебетIеялъе.

ТIолгодунялалъул туристазул къоялда хурхун, тIадеги лъай кьеялъул центр хIадурлъулеб буго Агъвали-ЦIабадагъари-Метеостанция-ГIадалошухгельмегIералде сапар бухьине.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров,** районалъул гIолилазул политикаялъулгун спорталъул ва туризмаялъул отделалъул нухмалъулев

**Районалъул газеталъ 80 сон тӀубаялде**

## Гьас нухмалъи гьабуна районалъул газеталъе

### АсхIаб Киров



Киров АсхIаб гьавуна 1916 соналъ Лъондода росулъ. Лъондода росдал Советалъул секретарасул хъулухъалдаса вач1ана Асх1аб районалъул газеталъул редакциялде. ХIалтIана литературияв хIалтIухъанлъун, жавабияв секретарьлъун, 1942 соналъул августалдаса 1946 соналъул ноябралде щвезег1ан хIалтIана районалъул газеталъул редакторлъун. 1951 соналъул ноябралда ВКП(б) ялъул Дагъистаналъул Обкомалъул хIукмуялдалъун, бажари бугев гIуцIарухъан хIисабалда, АсхIаб тIамуна Гумбет районалъул газеталъул редакторлъун. Гьенив хIалтIана 1955 соналъул октябралде щвезегIан. Гьев вукIана 1952 соналъул 1 январалда къватIибе ине байбихьараб Гумбет районалъул газеталъул тIоцевесев редактор.

Хвана 1992 соналъ, вукъун вуго Лъондода росулъ.

## БукIина телефоналъул бухьен

Нилъер районалъулУнкъракь ва Хъварщи кIкIалахъ ругел росабазул гIадамазе гIемер къварилъи ва санагIалъи гьечIеб хIал букIуна телефоналъул ва интернеталъул бухьен гьечIолъиялъ.Гьеб суал кидаго борхула гьел росабазул гIадамаз районалъул нухмалъулезулгун тIоритIулел дандчIваязда, гьезда гIайибги щибха букIинеб, жакъа нилъецаго хIисаб гьабе цо къолъ телефоналъул бухьен ялъуни интернет хIалтIичIони, кинаб хабар букIунеб гIадамазда гьоркьоб. «Мегафоналъул» бухьен букIине ТIадинхокъвари росдада тIад гохIда вышка лъезе абун гIемер соназ бицунеб буго, амма гьеб суал тIубан рагIалде бахьине жеги кIвечIо. Гьале гьанже байбихьана гьеб суал тIубаялде сверухъ хIалтIи гьабизе.

ТIадинхокъвариса 9 км. гIанасеб манзилалъ тIадехун бахъун рагIалде бахьана шагьранух. Гьениб хIадурулеб буго, вышка лъезе байдан. КватIичIого байбихьизе буго гьенибе токалъул канлъи бачине.

Токалъул канлъи бачун хадуб «Мегафон» компаниялъул Дагъистаналда бугеб «Мегафон» компаниялъул отделениялъ байбихьизе буго гьениб вышка лъеялъул хIалтIи.

Гьениб лъураб вышкаялъ рес кьезе буго районалъул бухьен гьечIеб 18 росулъ «Мегафон» телефоналъул бухьеналдаса ва цифрабаздалъун бихьизабулеб телевизоралдаса пайда босизе.

Гьениб жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго районалъул Собраниялъул депутат, предприниматель ХIабиб ГьитIинмухIамадовас, районалъул бетIерасул кумекчи АхIмад АхIмадулаевас ва Инхокъвари росдал администрациялъул бетIер ГIабдулнасир Хизриевас.

**МахIмудапанди Абакаров**

# Литературияб бокIон

## Расул ХIамзатовасде

ХIамзатил Расул мун ЦIада гьавуна.
ЦIар дур тIибитIана Союзалда тIад.
МугIрузул Дагъистан лъийго лъалареб,
Дунялалда дуца рагIизабуна.
ГIалхулаб бугилан цIарлъураб дур халкъ
ЦIва гIадин гвангъизе дуца гьабуна.
ЦIадастан цIар кьуна вижараб росдай.
Рагъдаса руссинчIел,къанабалъ лъечIел,
ЧIван жал гIалахалда гIодор хутIарал,
Солдатазе дуца «Къункъраби» хъвана.
Жиб –жиб шагьаразда,жиб –жиб росабалъ,
«Къункъраби» кечI буго жакъа ахIулеб.
ТIогьолал мугIрузул хIакъалъулъ хъвана.
ХъахIав пачаясул гIарадабаца,
ГIагарал мугIрузул тIогьире лъурал,
ЧIегIерал накIкIазул хIакъикъат хъвана.
«ТIадегIанал цIваби»,«Дир Дагъистан»-тIехь
Дунял гIаламалъго цIалулеб буго.
Зодор ругел цIваби дуе рокьана.
Ракьалда бугеб халкъ дуй хиралъана.
Хирияй ПатIимат кочIолъ рехсана.
Хъандулай дур эбел тIадгIан гьаюна.
Руччабазе дуца асарал хъвана.
Асиятил образ халкъалъе тана.
Хвана мун кочIохъан, ана цевеса.
Ссун ана зодоса дур цIар бугеб цIва.
Камуна шагIир мун Дагъистаналъе.
Щивасул рекIеда лъуна чIегIер тIанкI.
ТIолго дунялалда дур цIар хутIана
Хвел гьечIел асараз гвангъизабураб
Расул дур медалал,тIолго орденал
Музеялда руго цIорода гьоркь лъун
Дагъистанияца цIунун руго гьел
Дализе гьаризе мугIрул каранда
Нилъер ВатIаналъул тахшагьаралда
Дуй памятник бана Пушкиний гIадин
Гьенивеги вачIун гьеб рагьулелъул
ЧIухIун Путиница кIалъай гьабуна.
Доба Россиялда щибаб росабалъ
Къункърабазе буго памятник гьабун
Дуца хъварал кучIдул, асарал, тIахьал
Жиб – жиб мацIалъ руго къватIир риччалел
Къимат дур кидаго тIагIине гьечIо
ТIадмагIарул шагIир ХIамзатил Расул.

**Муса МухIамадов,** росу Чонтаул

## ГIабдурахIманилан рагIун букIана

ГIабдурахIманилан рагIун букIана,
Квербакъи гьабулев ралел бакIазе.
Депутатал гIемер рихьун рукIана,
Гьез асар гьабичIо нижер ракIазе.

Сахаваталазулъ мун рекъечIони,
РикIкIен дагьлъиларищ
Дагъистаналда?
Лъаларездаги дур цIар бицинчIони,
ЩIакъго рихиларищ цIумадисезда?

ЦIияб школаги кьун рохарал лъимал
Дур рагьараб кверальъ кодор росана.
ТIоцере школалде щварал гьитIичал
Гьимун мун кIалъаялъ хагазаруна

Жеги гьаб школалъе гъурщил багьаяб
Сайгъат кьун букIинчIо щив вачIаниги.
Рагьараб гьумерги, дур гIаданлъиги,
ГIадатлъун лъугьаги хадур щолезе.

Дир гьитIинаб росулъ спортзалгин,
медпункт,
АскIоб эхетараб школалъул мина
ХIалтIи гьабуразе, квербакъаразе-
Киназего рагIун баркала кьола.

Щиб лъалеб, жакъасел
цIалдохъабазулъ
Вахъизе бегьила лъикIав депутат,
Лъималги рокьулев кверги гIатIидав
ГIадамазул мурад кIвар кьун тIубалев.

Дур гIидалъул къоялъ кьураб сайигъат
Аза-азариде гIунтIун батаги.
Лъимал рохизелъун кьураб гьеб гIарац
ГIарац байданалда хIалае чIайги.

**Загьра МухIамадова,** Инхокъвари росу

### Кьоге дие гIазаб

ГьитIинайго йикIун гIамал кIудияй,
КIвана дуда дир ракI асир гьабизе.
Къойил нусго нухалъ лъадайги хьвадун,
Лъел гIеретI цIечIого нахъеги юссун.

Кьурда бохдулги чIван чIухIдае чIараб
Чанида релълъуна чорхол тIабигIат.
ТIаде чиги рекIун ругьун гьабичIеб
Чодул хIисаб буго хасияталъул.

Берцинал харбазул хурзалги рекьун,
Хайир бугеб бачIин бакIариладай?
Хиянатлъи гьабун мунги хьвадани,
КIиязулго талихI кинабдай ккела?!

Дие гъур- гъур бачун чидае чучун
Чалухай йокьулелъ толевдай вугев?
Телефоналдаса дий рокьул бицун,
Бахьинаб дур чорхол командир щивдай?

Кьоге дие гIазаб, те дун жахIавго!
ЖужахIалъул цIалъун сверана рокьи.
ЦIадул гвандинив ккун вухIананиги,
Мунгун алжаналде дун вачIинаро.

.............................

### Гьанже гьаб дуниял бецIлъана дие

Унел руго къоял къваридго гьанже
Цадахъ гIумру араб лаченги билун.
Гьардарав БетIергьан, захIмат бугеб куц
Гьудул аскIой гьечIел халатал сардал.

Гьанже лъана дида, рекIел хазина,
Дир рохел, дир сахлъи дулъ букIараблъи.
Дир цIарги, къадруги, росдай къиматги
Мун аскIой йикIиндал букIун буго дир.

Дир ракI къварилъарал къоял рачIиндал,
РакI чучизе духъе кIанцIулаан дун.
Дир хириявилан карандеги къан,
ХIеренаб мацI бицун, кIалъалаан мун.

Вацалги, яцалги, лъимал, гIагарлъи
ГIемерал рачIуна сабру дий кьезе
Сун керенги бахъун, ракI бахъун арай
БичIчIунаро гьезда дида бугеб хIал.

Щибилеб, хирияй, бичасул къадар.
Къваридго тIамила хутIарал къоял.
Гьанже гьаб дуниял бецIлъана дие
Мунгун данде чIвайдал чучила керен.

**МухIамад ГIалиев,** Первомайское росу

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул
2-52-44
Жавабияй секретаралъул
2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс:
бащдаб лъагIалие - 51377
лъагIалие - 63302
Тираж -2310
Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин.
ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронниияб адрес: Golostsumady@mail.ru

## Прокурор разъясняет

### О занятости уволенных с военной службы граждан

Федеральный закон «О внесении изменений в Закон Российской Федерации «О занятости населения в Российской Федерации» принят Государственной Думой 20 июля 2017 года и одобрен Советом Федерации 25 июля 2017 года и подписан Президентом Российской Федерации 01 августа 2017 года.

Федеральный закон принят в целях реализации постановления Конституционного Суда Российской Федерации от 11 октября 2016 года № 19-П.

В соответствии с Федеральным законом гражданам, уволенным в течение 12 месяцев, предшествовавших началу безработицы, с военной службы по призыву в связи с истечением её срока и имевшим до увольнения в связи с призывом на военную службу оплачиваемую работу не менее 26 недель, исчисленных в установленном порядке, пособие по безработице выплачивается в процентном отношении к среднему заработку, исчисленному за последние три месяца по последнему месту работы, предшествовавшему призыву на военную службу.

В период прохождения такими гражданами профессионального обучения и получения дополнительного профессионального образования по направлению органов службы занятости им выплачивается стипендия в размере 75 процентов их среднего заработка, исчисленного за последние три месяца по последнему месту работы, предшествовавшему призыву на военную службу, но не выше максимальной величины пособия по безработице и не ниже минимальной величины пособия по безработице, увеличенных на размер районного коэффициента.

**И.Вакилов,** прокурор района

## Военный прокурор разъясняет

В связи с осенним 2017 г. призывом граждан на военную службу, с целью оказания правовой помощи в вопросах соблюдения прав граждан при призыве на военную службу, 315 военной прокуратурой гарнизона созданы консультативно - правовые центры, находящиеся по адресу:

-368300, Республика Дагестан, г. Каспийск, ул. Пограничная, д. 1, тел.: 8(87246) 5-34-81, тел/факс: 8(87247) 98-86-66;

-368600, Республика Дагестан, г. Дербент, ул. 3. Космодемьянской, д. 3, тел. (8-240) 4-01-95 (прокурорский участок в г. Дербент);

-368273, Республика Дагестан, Хунзахский район, с. Арани, тел. (8722) 98- 86-66 (прокурорский участок в пос. Хунзах)

В указанные правовые-консультационные пункты можно обращаться за информацией в связи с деятельностью должностных лиц военного комиссариата Республики Дагестан и его отделов по Цунтинскому, Цумадинскому, Хунзахскому, Ахтынскому, Докузпаринскому, Магарамкентскому, Рутульскому, районам, их призывных комиссий и сборных пунктов, а также направлять письменные обращения почтой либо на электронный почтовый ящик по адресу: 315vpg@mail.ru о несогласии или обжаловании действий должностных лиц, связанных с нарушением прав граждан.

**А Лучко,** военный прокурор гарнизона

### Профилактика детского дорожно-транспортного травматизма

В целях обеспечения безопасности детей на дорогах в районе проводятся профилактические мероприятия, направленные на профилактику детского дорожно-транспортного травматизма под названием «Неделя безопасности».

**Э.Магомедов**, начальник отдела МВД РФ по району

## Спорт

### Силдиса МухIамадрасул вахъана Халкъазда гъоркьосеб турниралъул чемпионлъун



Кироваулалда чIарав Силдиса 3 абилеб классалъул цIалдохъан МухIамадрасул МухIамадов машгьурлъана «Киназдасанго тIокIав» абураб Максим Галкинил передачаялда гIахьаллъун хадув май моцIалъул 24 абилеб къоялъ ниж щвана Кироваул школалда тIобитIараб «Къо-мех лъикI, букварь!» тадбиралда гIахьаллъизе. Гьениб нижер лъай-хъвай ккана МухIамадрасулилгун. Кутакалда лебалав, къамартIав, къурал суалазе мухIканал жавабал кьезе лъалев вас ватана нижее гьев. Школалъул директор Париза Элендулаевалъул кабинеталда ккараб гара-чIвариялъулъ нижер суалазе гьесул рукIана мухIканал жавабалги.

Гьеса лъалел руго киналниги машгьурал гугарухъабазул цIарал ва гьезул титулал. Дуе мисалиявлъун щив кколевин абураб суалалъе СагIид МуртазагIалиев, Сажид Сажидов, ГIабдурашид СагIадулаев, МахIач МуртазагIалиев, ХIабиб НурмухIамадов кколилан жавабгьабуна гьес.

Дагъаб цебе, 16 сентябралда Югалъул Осетиялъул Квайса шагьаралда Владимир Тедеев ракIалда щвезавиялъул гIолилазда гьоркьоб тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ Халкъазда гьоркьосеб турниралда 23 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ва меседил медаль щвана турниралъул бищун гIолохъанав гIахьалчи 2008 соналъ гьавурав МухIамадрасулие. Гьенив лъабго нухалъ ургуялда вахъарав МухIамадрасул кIиго дандчIваялда бергьана 10:0 хIисабгун, цо нухалъ-6:2 хIисабгун.

Исана МухIамадрасул гIахьаллъизе вуго Агъвали, Мелъелт1а, Бавтугъаялда ва ЦIияб Костекалда тIоритIизесел турниразда.

МухIамадрасулил тренер ккола жиндирго эмен, спорталъул мастер, Россиялъул мустахIикъав тренер ХIасан.

Баркула МухIамадрасулида щвараб бергьенлъи, гьарула сахлъи, хадубккун икъбал ва талихI.

**Хадижат Залимханова**

**Сураталда:** МухIамадрасул эмен ХIасангун.

## Къокъго

ТIолгороссиялъулаб «Юннат-2017» республикаялъулаб конкурсалда гIахьаллъараб 56 хIалтIуда гьоркьоса «Живго бетIергьанаб кумекалъулаб магIишат ва наихъанлъи» номинациялда 3 бакI щвана Гъоркьгъаквари школалъул 10 классалъул цIалдохъан Шаруханов Шарухание. Баркула гьеда ва биологиялъул мугIалим ХIапизат Насрудиновалда щвараб бергьенлъи.

* * *

Республикаялда тIобитIараб цIалдохъабазул хIалтIул бригадабазул конкурсалда гIахьаллъана ТIадгъакьвари школалъул цIалдохъабазул хIалтIул бригадаялъул хIалтIи. Жюриялъ гьезул хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна, ва гьезие щвана 3 бакI. Баркула цIалдохъабазул хIалтIул бригадаялда щвараб бергьенлъи.

## Экология

# Рохьазе рацIцIалъи

Дудасан байбихьула рохьил рацIцIалъи (бацIцIадаб рохь) абураб ахIиялда тIобитIана гьал къояз Хуштада росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз «Оболи» рохьил расалъи рищни-къулалдаса бацIцIад гьабиялъул экологиялъул соналда бухьинабураб субботник.

Субботникалъул аслияб мурад-масъала букIана цIалдохъабазе эстетикияб ва экологияб тарбия кьей, рацIцIалъи-



сахлъиялъул аслу букIин гьезда бичIчIизаби ва росдал жамагIатгун рохьоб хIухьбахъи гьабулеб рацIцIалъи цIуниялде ахIи.

Субботникалъул къоялъ цIалдохъабазгун мугIалимзабаз бакI-бакIазда чIвана рацIцIалъи цIуниялде ахIулел игIланал, рищни-къул къучIбуздеги бакIарун, баччана хас гьабураб цо расалъуде ва бухIана. Араб соналде данделккун, исана рохь гIемерго бацIцIадаб буго, гьеб ккола росдал администрациялъул ва цIалдохъабаз тIоритIулел рацIцIалъи чIезабиялъул гваязул хIасил ва хIухьбахъулезул рацIцIалъиялдехун бугеб лъикIаб бербалагьи.

ГIисинал-чIахIиял ратIа гьаричIого, цо чи гIадин хIалтIана гьенир киналниги классазул цIалдохъаби ва мугIалимзаби. Гьеб тадбир буго экологиялъул лъагIалие Хуштада росдал школалъ цIалул цIияб соналда гьабураб тIоцебесеб «сайгъат», гьединал субботникал ва цогидал экологиял тадбирал жеги рукIине ругилан вуго школалъул директор Шамил ГIумаровги.

Росдал цIалдохъабазгун педколлективалъ ва рохьил магIишаталъул хIалтIухъабаз росуцоял ва гьалбал, экологиялъ къисас босулеблъиги кIочене течIого, ахIулел руго жидедаго хадуб рацIцIалъи цIунизе ва чIезабизе.

**МухIамад ГIумаров,** лъайкьеялъул управлениялъул начальникасул заместитель